# JOQARÍ LIKVIDLI HÁM MONOPOL TOVARLARDÍ SATÍW PROCESSLERINE BAZAR MEXANIZMLERIN ENGIZIWDI DAWAM ETTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Image not found or type unknown

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

qararı

Mámleketimizde sońǵı jıllarda tovarlardı satıw processlerine bazar principleriniń jedel engiziliwi jasırın ekonomikanıń qısqarıwına, islep shıǵarıwshılardıń ónimlerine haqıyqıy bahalardıń qáliplesiwine hám salıq bazasınıń keńeyiwine xızmet etpekte.

Bunnan tısqarı, birja sawdalarında «forvard» shártnamalarınıń engiziliwi sociallıq áhmiyetke iye tiykarǵı ónimlerdiń bahaları keskin ósiwinen  qorǵanıw, bazarda talap hám usınıs teńligin  támiyinlew, isbilermenlik subektleriniń bos qarjılarınan paydalanıw imkaniyatın jarattı.

Sonıń menen birge, birja sawdalarına belsene qatnasıp atırǵan isbilermenlik subektlerin xoshametlew hám joqarı likvidli yamasa monopol  tovarlardı  satıw ámeliyatına bazar mexanizmlerin keńnen qollanıwdı dawam ettiriw, birja sawdalarına zamanagóy tovar derivativlerin, sonıń ishinde fyuchers shártnamaların engiziw búgingi kúnniń talabı bolıp qalmaqta.

Hadal emes isbilermenlik subektleri tárepinen ishki bazarda joqarı likvidli hám monopol ónimlerdiń bahaların jasalma arttırıwǵa, jetispewshilik hám ajiotaj talaptı júzege keltiriwge jol qoymaw, bólistiriw sistemasınıń elementlerin saplastırıw jáne birja sawdaların jáne de jedellestiriw maqsetinde:

2021-jıl 15-iyunnen baslap sonday tártip engizilsin, oǵan muwapıq tómendegi tovarlar ishki bazarda tek birja sawdaları arqalı bazar prinicipleri tiykarında realizaciyalanadı:
a) monopolist kárxanalar hám (yamasa) ustav fondı (kapitalı)nda mámleketlik úlesi  50 procent hám onnan aslam bolǵan yuridikalıq tárep,  ustav fondı (kapitalı)nıń  50 procenti hám onnan aslamı ustav  fondı (kapitalı)nda mámleketlik úlesi  50 procent hám onnan aslam bolǵan yuridikalıq tárepke tiyisli bolǵan yuridikalıq tárep (keyingi orınlarda –

monopol hám mámleket qatnasıwındaǵı shólkemler) tárepinen islep shıǵarılǵan:

polivinilxlorid (PVX) hám formalin – barlıq tutınıwshılarǵa;

tutınıw etil spirti – shólkemlestiriwshilik-huqıqıy túrine qaramastan, tiyisli licenziya hám muwpıqlıq sertifikatlarına iye bolǵan islep shıǵarıwshılarǵa;

texnikalıq etil spirti – barlıq qarıydarlarǵa;

gúmis – zergerlik buyımların islep shıǵarıwshılarǵa;

b) 2022-jıl 1-yanvarǵa shekem monopolist bolmaǵan hám (yamasa) ustav fondı (kapitalı)nda mámleketlik úlesi 50 procentten kem bolǵan yamasa mámleketlik úlesi bolmaǵan yuridikalıq tárepler tárepinen islep shıǵarılǵan:

cement – óndiris kóleminiń keminde 50 procenti;

paxtadan alınǵan shigit, paxta mayı (sonıń ishinde, ekstrakciya paxta mayı) hám qayta islengen shigit shıǵındıları (shrot, sheluxa) – óndiris kóleminiń 100 procenti;

v) shólkemlestiriwshilik-huqıqıy túrine qaramastan, qazıp alıwshı (gazdi qayta islewshi, islep shıǵarıwshı) shólkemler tárepinen neft hám gaz kondensantı – tiyisli licenziya hám muwapıqlıq sertifikatlarına iye bolǵan islep shıǵarıwshılarǵa.

Tovar-shiyki zat birjalarınıń sırt eldegi sawda maydanshalarında dúzilgen kelisimleri boyınsha tovarlardıń bajıxana bahasın anıqlaw tek usı kelisimlerde belgilengen baha boyınsha ámelge asırılatuǵınlıǵı belgilep qoyılsın.
Mámleketlik bajıxana komiteti «Ózbekstan respublikalıq tovar-shiyki zat birjası» AJ menen birgelikte eki ay múddette usı bánttiń orınlanıwın támiyinlew ushın óz-ara málimleme sistemaları hám maǵlıwmatlar bazalarınıń integraciyasın jáne maǵlıwmat almasıwın jolǵa qoysın.

Monopoliyaǵa qarsı gúresiw komitetine ishki bazarda bahalardıń jasalma túrde artıp ketiwi hám bazardaǵı basqa unamsız jaǵdaylardıń aldın alıw ushın, zárúr jaǵdaylarda:
birja sawdalarınıń bir sawda sessiyasında bir qarıydar tárepinen satıp alınatuǵın ónim kóleminiń maksimal muǵdarın (limitin) belgilew talap hám usınıstan kelip shıǵıp, bul kólemlerge ózgerisler kirgiziw;

joqarı likvidli, sonıń ishinde, máwsimlik talaptan kelip shıqqan halda talap artatuǵın tovarlardı tek tovar-shiyki zat birjaları arqalı satıw boyınsha shólkemlestiriwshilik-huqıqıy túrine qaramastan shólkemlerge orınlanıwı májbúriy bolǵan kórsetpeler kirgiziw wákilligi

berilsin.

Onda, usı kórsetpeler berilgen shólkemlerge jáne usı qarardıń 1-bánti «b» hám «v» kishi bántlerinde názerde tutılǵan shólkemlerge birja sawdalarında joqarı likvidli hám monopol túrdegi ónimlerdi satıw tártibi haqqındaǵı reje talapları jáne báseki haqqındaǵı nızamshılıqta názerde tutılǵan birja sawdalarına baylanıslı monopoliyaǵa qarsı talaplar qollanıladı.

4.Monopoliyaǵa qarsı gúresiw komiteti turaqlı túrde talap joqarı bolǵan, sonıń ishinde máwsimlik belgisinen kelip shıqqan halda talap artatuǵın tovarlar boyınsha tallaw ótkerip, olardıń birja sawdalarına qoyıp barılıwın támiyinlesin.

Sonday tártip ornatılsın, oǵan bola:
2022-jıl 1-yanvardan baslap paxta-toqımashılıq klasterleri hám kooperaciyalar tárepinen paxtadan alınǵan shigitti tayar ónimdi qaytarıw shárti tiykarında janar may shólkemlerine beriw tek bir paxta-toqımashılıq klasteri sheńberindegi shólkemler arasında ámelge asırıladı;

2021-jıl 1-sentyabrden baslap monopol hám mámleket qatnasıwındaǵı shólkemler tárepinen birja sawdalarına satılıp atırǵan ónimlerdi avtotransportta tasıw xızmetleri tek elektron logistika sawda portalı arqalı aukcion tártibinde ámelge aırıladı. Onda, elektron logistika sawda portalı arqalı tasıw xızmetleri:

qarıydarlardıń óz avtotransportında ámelge asırılǵan jaǵdayda dizimge qoyıw;

qarıydarlarǵa affilingen tasıw xızmetin kórsetiwshi kárxanalar tárepinen bolsa tikkeley shártnama dúziw arqalı ámelge asırıladı.

Tovar-shiyki zat birjalarınıń jumısına aldıńǵı málimleme texnologiyaların keńnen engiziw hám elektron kommerciyalıq jumısın izbe-iz rawajlandırıw boyınsha «Jol kartası» 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.
Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi Monopoliyaǵa qarsı gúresiw komiteti, «Ózsanaatqurılısmaterialları» associaciyası, «Wzmaxsusmontajqurilish» AK, «Ózmetkombinat» AJ jáne «Tashkent metallurgiya zavodı» JShJ menen birgelikte ısqılap tegislengen ayna jáne polat list islep shıǵarıw boyınsha jańa quwatlıqların iske qosıw ilajların kóriw jáne usı tovarlardı birja sawdalarına qoyıw kólemlerin arttırıwǵa qaratılǵan ilajlardı ámelge asırıp barsın.
Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi, Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası tovar-shiyki zat birjaları menen birgelikte bir ay múddette usı qarardıń mazmun-mánisin isbilermenlik subektleri hám xalıq arasında keńnen

sáwlelendiriw hám úgit-násiyatlawǵa qaratılǵan media-rejeni tastıyıqlasın hám onıń orınlanıwın támiyinlesin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ayırım qararlarına 2-qosımshaǵa muwıpıq ózgerisler hám qosımshalar kirgizilsin.
Monopoliyaǵa qarsı gúresiw komiteti basqa mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte eki ay múddette  nızamshılıq hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker etip Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı J.A.Qwchqorov jáne Monopoliyaǵa qarsı gúresiw qomitetiniń baslıǵı belgilensin.
Qarardıń orınlanıwı ushın juwapker uyımlardıń  jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa júklensin.

Ózbekstan  Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2021-jıl 17-mart